

Pou Piblikasyon Imedya: 18/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE INISYATIV PRODiG LA POU OGMANTE DIVÈSITE PWOSESÈ YO SOU TOUT KANPIS SUNY YO

Kanpis yo resevwa direktiv pou pwogram sa a ki se premye ki fèt konsa pou atire epi kenbe pwofesè soti nan gwoup ki pa ase reprezante yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman yon inisyativ State University of New York la (SUNY) pou Pouse Rekritman, Opòtinite, Divèsite, Entegrasyon, ak Kwasans (Promoting Recruitment, Opportunity, Diversity, Inclusion, and Growth, PRODiG) pou ogmante divèsite pwofesè yo pou pi byen reflekte divèsite etidyan yo nan 64 kanpis li yo. Se premye estrateji ak plizyè aspè konsa nan echèl sa a, epi li gen ladan pwogram anbochaj ak konsèvasyon nan pòs nan kanpis yo avèk bi anboche 1,000 pwofesè ki soti nan gwoup ki pa ase reprezante yo dis 2030. Yo emèt direktiv sa yo pou tout kanpis yo.

“Fòs New York soti non sèlman nan selebrasyon kilti rich nou yo men epitou nan travay agresif nou pou elaji opòtinite pou ogmante divèsite pami pwofesè SUNY nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ sa a ki se premye konsa chita nan kè prensip fondamantal SUNY yo epi li reflekte angajman pwofon New York genyen an pou li ofri edikasyon ki pi bon kalite ak pi richman divèsifye nan nasyon an.”

“Nan New York, nou selebre kilti rich ak divèsite nou an ki fè nou se Empire State la”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Nou vle garanti pwofesè nou yo nan sistèm Inivèsite Eta New York la gen yon reprezantasyon ki reflekte popilasyon etidyan eksepsyonèl nou an. Nou pran angajman elimine baryè nan sa ki gen pou wè avèk moun ki pa reprezante ase yo nan pwofesyon yo, sitou, nan domèn STEM yo. Inisyativ sa a se yon lòt pa nan direksyon bi nou an ki se akonpli egalite pou tout Nouyòkè, depi nan kolèj rive nan karyè ak tout aspè nan lavi toulejou a.”

Yon kò pwofesè divès se yon bagay ki esansyèl pou ekselans akademik epi se kle pou prepare tout etidyan yo pou yo viv ak travay nan yon mond ki deplizanpli global, entegre, epi entèkonekte. SUNY fè yon kokennchenn pwogrè nan enskri yon kò etidyan ki trè divèsifye ki reflekte divèsite ak plizyè aspè New York la. Dapre done Otòn 2018 yo, 28.5 pousan etidyan SUNY yo soti nan gwoup minoritè ki pa ase reprezante, yon kantite ki ogmante pa rapò a 27.9 pousan an 2017, ak 15.4 pousan an 2007.

Reyisit SUNY an nan divèsifye etidyan li yo poko jwenn parèy nan pwogrè menm jan an pami pwofesè yo. Gwoup ki pa ase reprezante yo fòme kounye a apeprè uit pousan tout pwofesè SUNY yo. PRODiG gen kòm objektif agresif pou li apeprè double ran sa yo nan dis lane k ap vini yo. Gwosè SUNY, epitou gran evantay anplasan kanpis li yo ak pwogram diplòm inivèsitè li yo, kreye opòtinite PRODiG pral eksplwate pou soutni reyisit etidyan yo, epi pouse ekselans gras a reprezantasyon divès pèspektiv, antesedan, ak eksperyans.

Prezidan SUNY an H. Carl McCall te deklare, “Nou kontan dèske nou nan yon eta ki gen yon Gouvènè ki tabli yon angajman klè nan divèsite ak entegrasyon nan tout nivo, epi ki konsa fè kanpis nou yo akeyan pou plis lidè, pwofesè, manm pèsònèl, ak etidyan. Avèk PRODiG n ap reyafime prensip nou yo, epi konsantre sou pwofesè nou yo pou ankouraje plis moun antre nan ran nou yo”.

Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “SUNY kontinye ap mennen nan edikasyon bon kalite bon mache epi konsantre sou ogmante divèsite pwofesè yo - sitou minorite ki pa ase reprezante yo ak fanm ki nan disiplin STEM yo - se bon bagay ki pou fèt la nan bon moman. PRODiG se yon bagay pèsònèl pou mwen—pandan uit lane mwen yo kòm etidyan premye sik ak etidyan diplome mwen pa t konsidere nan kòmansman pou mwen vin pwofesè nan domèn mwen an gran pati poutèt pa t gen pwofesè fanm nan STEM. Pwogram sa a ki se premye konsa respekte yon angajman pou SUNY kontinye koute bezwen etidyan yo ak pwofesè yo epi jwenn jan kreyatif pou elaji eksperyans pedagojik yo nan kanpis toupatou nan eta a”.

PRODiG, ki prensipalman jwenn finansman nan men Eta New York nan kad Fon pou Amelyorasyon Rezilta a (Performance Improvement Fund), fèt pou atire epi kenbe yon kò pwofesè pi divès, epi diminye eka a nan reprezantasyon divèsifye ant etidyan yo ak pwofesè yo. Nan kad inisyativ la, SUNY pral kore efò kanpis yo pou rekrite jiska 1,000 pwofesè ki fèk kòmanse oswa ki nan mitan karyè yo ki soti nan gwoup ki pa ase reprezante disi 2030. Pwogram sa a se pou tout sistèm nan epi li fèt pou eksplwate resous kanpis yo epi apiye sou pwofesè yo.

Nan kad PRODiG, SUNY pral ofri sibvansyon soutyen ki se yon salè twa lane pou gwoup ki pa ase reprezante yo nan disiplin STEM yo, epi apre sa pòs yo ap resevwa finansman konplè nan men chak kanpis. Biwo Divèsite, Egalite, ak Entegrasyon (Office of Diversity, Equity, and Inclusion, ODEI) sistèm SUNY an, ki gen nan tèt li Vis-Rektè Prensipal pou Inisyativ Estratejik ak Responsab Anchèf Divèsite a Teresa A. Miller, pral mennen inisyativ la.

Anplis de sa, SUNY pral kòmanse suiv etidyan ki gen talan yo depi lè yo nan dezyèm sik lekòl segondè, epi konsa kreye yon filyè etidyan ki gen aspirasyon karyè nan mond inivèsite a, epi ankouraje etidyan yo gras a konferans pou konsèy ak ankadreman. SUNY pral ofri tou alokasyon inik 5,000 dola pou chak nouvo etidyan pou doktora.

Gras a Direktiv pou Kanpis yo (Guidelines to Campuses), SUNY pral angaje kanpis yo nan idantifye defi ak opòtinite pou ogmante divèsite pwofesè yo. Kanpis yo te patisipe nan premye atelye sou pwopozisyon PRODiG la nan Binghamton University pi bonè mwa sa a.

Prezantasyon State University of New York

State University of New York la se pi gwo sistèm ansèyman siperyè konplè nan peyi Etazini, ak 64 kanpis kolèj ak inivèsite ki sitiye nan anviwon 48 kilomèt chak kay, lekòl ak biznis nan eta a. Jiska otòn 2018 la, gen plis pase 425,000 etidyan ki te enskri nan yon pwogram diplòm nan yon kanpis SUNY. Otòtal, SUNY te sèvi anviwon 1.4 milyon etidyan nan kou ak pwogram, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè ki gen kredi inivèsite yo pandan ane akademik 2017-18 la. SUNY sipèvize prèske yon

ka nan rechèch akademik nan New York. Etidyan ak pwofesè inivèsite li yo pote yon gwo kontribisyon nan rechèch ak dekouvèt, yo kontribye nan yon pòtfolyo rechèch 1.6 milya dola. Genyen 3 milyon ansyen elèv SUNY nan lemonn epi youn nan chak twa moun nan New York ki genyen yon diplòm inivèsite se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb www.suny.edu.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)